

**KASATRIYAN ING CRITA RAKYAT PENDHEKAR ALAS TUTUPAN ANGGITANE KI SUDADI
(TINTINGAN SOSIOLOGI SASTRA)**

NOPIYARINI WAHYUNINGRUM

S-1 Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya
nopiyariniwahyuningrum@mhs.unesa.ac.id

Dra. Suwarni, M. Pd.

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

ABSTRAK

Kasatriyan mujudake watek kang nuduhake bebuden luhur lan saguh mbelani bangsa lan negarane. Crita rakyat *Pendhekar Alas Tutupan (PAT)* anggitane Ki Sudadi ngandharake wujud kasatriyan lan gegayutane ing kasunyatan. Underane panliten yaiku: (1) Kepriye struktur crita rakyat PAT, (2) Kepriye wujud kasatriyan sajrone crita rakyat PAT, (3) Kepriye gayutane kasatriyan sajrone crita rakyat PAT ing kasunyatan.

Tujuwane panliten yaiku kanggo ngandharake struktur crita rakyat PAT, ngandharake wujud kasatriyan sajrone crita rakyat PAT, lan ngandharake gayutane kasatriyan sajrone crita rakyat PAT ing kasunyatan. Paedahe panliten iki antarane yaiku ngrembakakake panliten sastra Jawa, nambahi kawruh tumrap pamaca, lan kanggo referensi panliti liyane.

Panliten iki nggunakake tintingan sosiologi sastra lan Watt. Metodhe kang digunakake yaiku metodhe dheskriptif kualitatif. Sumber dhata panliten arupa crita rakyat PAT. Dhata panliten awujud ukara kutipan saka crita rakyat PAT. Tata cara nglumpukake dhata yaiku kanthi teknik pustaka, dene teknik analisis dhatane kanthi metodhe hermeunetika.

Asile panliten iki yaiku struktur crita rakyat kanthi tema kasatriyan, alur maju, latar sosial nggambarake kepriyayan lan tulung-tinulung. Wujud kasatriyan yaiku, (1) tanggon, (2) tangguh, (3) gedhe pangapura, (4) *optimis*, (5) wicaksana, (6) welas asih, (7) iklas, (8) nasionalisme, (9) amanah, lan (10) pedhuli marang liyan. Wujud kasatriyan sajrone crita rakyat PAT umume padha karo ing kasunyatan, mung bae jaman saiki kurang ditrepake.

Tembung wigati: kasatriyan, crita rakyat, sosiologi sastra

PURWAKA

Karya sastra nduweni piguna kang maneka werna tumrap pangripta lan pamacane. Salah siji gunane karya sastra sajrone masyarakat yaiku bisa dianggo minangka kaca benggala. Kedadean lan kahanan kang ana sajrone karya sastra bisa dadi gegambaran utawa pangilon tumrap masyarakat lan uga bisa dianggo piranti pasinaon ing bebrayan. Mula saka kuwi, mesthi saben karya sastra ngandhut amanat utawa piwulang kang bisa didudut dening para pamaca. Bab kasebut jumbuh karo andharane Nurgiyantoro (2007:3) yen karya sastra nyritakake sawetara prekara panguripane manungsa kang gegayutan karo lingkungan, dhiri pribadhi, lan Gustine. Lumantar karya sastra pengarang nggambarake masalah utawa kedadean ing panguripan.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, bisa dingerteni yen sastra ora bisa uwal saka manungsa lan panguripane. Mula sajrone kaya sastra ngandhut nilai-nilai luhur kang dijupuk saka kedadean-kedadean ing panguripan. Nilai-nilai luhur kang kinandhut sajrone karya sastra kuwi trep banget yen digunakake kanggo nggulawenthah kapribadhen. Biyasane, masyarakat entuk piwulangan ngenani moral lan kabecikan lumantar karya sastra lisan lan karya sastra tulis. Karya sastra lisan sumebar saka crita-crita kang dicritakake dening wong jaman biyen. Karya sastra tulis sumebar kanthi ditulis dening pangripta lan dicetak kanthi wujud buku utawa majalah.

Salah sawijine wujud karya sastra yaiku karya sastra tradhisional. Karya sastra kasebut sejatine prelu dilestarekake supaya tansah ngrembaka ing jaman

modern. Sastra tradhisional minangka wujud *ekspresi* masyarakat jaman biyen kang umume dicritakake kanthi lisan (Mitchell sajrone Nurgiyantoro, 2005: 163). Karya sastra tradhisional lisan lan tulisan ngandhut nilai-nilai luhur arupa ular-ular, pitutur-pitutur luhur, piwulang-piwulang moral tumrap panguripane masyarakat ing jaman saiki. Salah sawijine wujud karya sastra tradhisional kang prelu dilestarekake yaiku crita rakyat. Awujud sastra tradhisional jalaran mujudake asile karya kang dilairake saka saperangan masyarakat kang isih ngugemi nilai-nilai kabudayan kang asipat tradhisional. Mula crita rakyat ora bakal dingerteni asal-usule amarga mung dirunga saka generasi sadurunge (Dharmojo, 1998:21). Crita rakyat tuwuh lan sumebar ing masyarakat kanthi cara lisan. Senajan disebarake kanthi cara lisan, nanging saiki wis akeh kang awujud tulisan.

Crita rakyat ing jaman saiki isih ngrembaka amarga isih akeh sastrawan kang nyengkuyung pangrembakane, salah sijine karya sastra kang awujud tulisan. Saliyane antuk panyengkuyung saka para sastrawan, crita rakyat uga isih antuk panyengkuyung saka masyarakat. Crita rakyat mujudake crita ing jaman biyen kang dadi titikan saben dhaerah. Sajrone crita rakyat ngandhut pitutur luhur kang ngandharake supaya manungsa tansah tumindak becik sajrone urip bebrayan. Manungsa uga dipenging tumindak ala marang manungsa liyane. Bab kasebut dadi paugeran kang isih diugemi kanggo nglakoni urip bebrayan lan kerep dadi tuladha tumrap generasi paneruse.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, karya sastra kang awujud crita rakyat sumebar liwat tuturan lan tulisan, lan isih dipercaya dening saperangan masyarakat nganti saiki. Crita rakyat umume dadi medhia kanggo nyampekake nilai-nilai panguripan. Salah siji unsur kang bisa diwenehake marang pamaca yaiku ngenani fungsi utawa gunane kasatriyan kang menehi kawruh ngenani sikap lan tumindak kang becik tumrap panguripan. Satriya iku tumindak kang bisa ngasilake kabecikan antarane kita lan wong liya. Satriya uga tansah ngugemi nilai-nilai kamanungsan kayata gedhe pangapura lan ora wales dendham.

Saputra (2009:68) ngandharake nilai-nilai positif lelabuhane jiwa lan semangat kebangsaan yaiku 1) Jiwa *solidaritas* (paseduluran) saka sakabehane tingkatan masyarakat tumrap perjuwangan kamardikan, 2) *Pro patria* lan *primus patrialis*, yaiku tansah tresna marang bangsa lan negara utawa tanah wutah getihe, ngutamakake kepentingan tanah wutah getihe, 3) Jiwa *toleransi*, 4) Jiwa tanpa pamrih lan tanggung jawab, lan 5) Jiwa ksatriya. Jiwa ksatriya minangka sawijine perangan semangat kebangsaan.

Salah sijine crita rakyat kang ngemot bab kasatriyan yaiku crita rakyat kang kapacak ing kalawarti Panjeban Semangat No. 25 Juni – No. 41 Oktober 2014

yaiku “Pendhekar Alas Tutupan” anggitane Ki Sudadi. Crita rakyat “Pendhekar Alas Tutupan” iki sabanjure dicekak PAT, nyritakake ngenani laku uripe paraga utama yaiku Sudira kang nduweni watak satriya. Paraga-paraga liya sajrone crita kasebut uga ana kang nduweni watak satriya kang nyengkuyung lakune paraga utama. Sudira kang tansah mbela bebener lan uga mbrastha tumindak-tumindak ala kayata degsiya, durjana, apus-apus, lan sewenang-wenang marang liyan. Dheweke nuduhake watek-watek satriya sajrone panguripane.

Saka andharan kang wis dijlentrehake mula crita rakyat PAT bakal ditintingi ngenani kasatriyan kanthi nggunakake Tintingan Sosiologi Sastra. Gegayutan karo hakekate sastra, mula panliten iki uga ora nglirwakake unsur pamangune karya sastra kang asipat dhasar. Unsur-unsur kasebut yaiku unsur instrinsik. Analisis unsur pamangun karya sastra minangka wujud dhata panyengkuung tumrap panliten iki. Mula ing panliten iki diwiwiti ngrembag konsep struktur karya sastra kang ngandharake tema, paraga lan pamaragan, alur utawa *plot*, lan latar utawa *setting*. Sabanjure ngembang ngenani kasatriyan sajrone crita rakyat PAT, lan kang pungkasan ngenani gayutane kasatriyan sajrone crita rakyat PAT ing kasunyatan.

Adhedhasar lelandhesan sing wis diandharake ing ndhuwur, underan panliten iki ana telu, yaiku (1) kepriye struktur crita rakyat PAT anggitane Ki Sudadi, (2) kepriye kasatriyan sajrone crita rakyat PAT anggitane Ki Sudadi, (3) kepriye gayutane kasatriyan sajrone crita rakyat PAT anggitane Ki Sudadi ing kasunyatan.

Tujuwan panulise panliten iki yaiku ngandharake struktur lan kasatriyan sajrone crita rakyat PAT anggitane Ki Sudadi. Kajaba kuwi, uga ngandharake gayutane kasatriyan sajrone crita rakyat PAT anggitane Ki Sudadi ing kasunyatan.

METODHE

Metodhe kang digunakake sajrone panliten crita rakyat PAT anggitane Ki Sudadi iki nggunakake metodhe panliten dheskriptif kualitatif, amarga objek panliten kang awujud karya tulis. Dheskriptif tegese nuduhah dhatane awujud tembung-tembung utawa gambaran, dudu awujud angka (Endraswara, 2006:3). Siswantoro (2010:56) ngandharake yen metodhe dheskriptif bisa ditegesi minangka prosedur pemecahan masalah kanthi nggambarake kahanan subjek utawa objek panliten (pawongan, lembaga, bebrayan, lsp) nalika pawongan adhedhasar kasunyatan kang katon kaya apa anane.

Bogdan lan Taylor (Moleong, 2008:4) ngandharake yen metodhe kualitatif minangka prosedhur panliten kang ngasilake dhata dheskriptif kang awujud tetembungan kang ditulis utawa lisan lan tumindake saka paraga kang ditiliti. Arikunto (2006:20) ngandharake panliten kualitatif yaiku panliten kang ora nengenake

angka, nanging luwih nengenake aspek-aspek kang wigati klawan konsep. Mula panliten iki kalebu panliten kualitatif, amarga nitingi sawijine kedadean sajrone karya sastra kang awujud dhata-dhata dheskriptif.

Analisis struktural minangka analisis karya sastra kang nggatekake segi instrinsik lan anti ekstrinsik kayadene sejarah, psikologi, biografi pangripta, sastra samubarang kang ana ing sajabane karya sastra (Warren, 1973:24). Adhedhasar saka andharane Warren kasebut mula unsur instrinsik sajrone panliten iki mujudake samubarang kang wigati amarga digunakake kanggo ngerteni wujud lan lumakune crita rakyat PAT anggitane Ki Sudadi, saliyané kuwi uga bisa nggampangake nganalisis underan panliten sabanjure yaiku kasatriyan sajrone crita rakyat PAT anggitane Ki Sudadi. Jalaran kasatriyan mujudake unsur intrinsik yaiku tema.

Panliten kanthi nengenake wujud lair basa sajrone geguritan saliyané nuduhake bab lelewa uga prelu diwedhar ngenani isi lan makna kanggo dingerteni guna utawa dayane reiptan sastra kasebut. Panliten iki nggunakake pamarekan hermeneutik kanthi teknik maca heuristik lan hermeneutik. Pamarekan hermeneutik nggunakake dhasar teori hermenutika kanggo napsirake isi lan makna (Ratna, 2013:49).

Ratna (2004:47) ngandharake sumber dhata panliten kualitatif ing ilmu sastra yaiku karya lan naskah. Dhata formal ing panliten sastra yaiku arupa tembung, frasa, tetembungan, ukara, lan wacana. Moleong (2010:159) ngandharake sumber dhata yaiku subjek saka ngendi dhata kasebut diolehi. Sumber dhata bisa awujud buku, dhokumen, lan liyané kuwi kalebu sumber dhata katulis. Sumber dhata utama panliten iki yaiku crita rakyat PAT anggitane Ki Sudadi kang kapacak ing kalawarti Panjeban Semangat No. 25 Juni – No. 41 Oktober 2014. Sasaran panliten iki nitingi struktur sajrone cerita rakyat PAT banjur nganalisis kasatriyan kang dadi punjere panliten iki. Sumber dhata liyané disengkuyung buku-buku teori sastra.

Dhata yaiku asil cathetan panliti kang arupa fakta utawa angka (Arikunto, 2010:118). Dhata ing panliten iki awujud tembung lan ukara pethikan saka crita rakyat PAT anggitane Ki Sudadi. Dhata kang dipilih kasebut dudu mung sembarang tembung utawa ukara ing crita rakyat kasebut amarga dhata-dhata kang digunakake wis dijingglengi kanthi njlimet lan tliti. Dhata-dhata kang digunakake ing panliten iki ana gegayutane klawan prekara kang arep ditliti yaiku kasatriyan.

Tata cara nglumpukake dhata ing panliten iki adhedhasar pamawase Endraswara (2008:162-163) kang diperang dadi telu yaiku nemtokake unit analisi, nemtokake dhata, lan nyathet dhata. Adhedhasar teknik kang wus diandharake kasebut, tahap kang bakal dilakoni kanggo ngumpulake dhata yaiku:

- (1) Tahap kapisan yaiku maca crita rakyat PAT anggitane Ki Sudadi, diwaca wiwit awal nganti rampung. Crita rakyat kasebut diwaca bola-bali supaya nemokake perangan kang dikarepake lan bisa entuk gegambaran sakabehe isi crita rakyat kasebut kanthi cetha.
- (2) Perangan-perangan saka crita rakyat kasebut dipilah lan dipilih dhata kang dibutuhake banjur disisihake.
- (3) Dhata-dhata kang wus dipilih banjur dicathet. Dhata kasebut kang ana gegayutane karo apa kang dibutuhake sajrone panliten iki.
- (4) Nglompokake dhata kang trep karo underan panliten.

Tata cara analisis ing crita rakyat PAT anggitane Ki Sudadi iki nggunakake teori hermeneutika. Tata cara nganalisis dhata kang ditindakake ing panliten iki yaiku:

- (1) Nganalisis dhata kanthi rinci lan runtut adhedhasar underan lan tujuwane panliten.
- (2) Nggolongake dhata kang kalebu struktur, kasatriya, lan aktualisasi kasatriya sajrone crita rakyat PAT ing jagading bebrayan saiki.
- (3) Nggayutake dhata kanthi teori-teori kang sadurunge wis diandharake ing panliten iki.
- (4) Interpretasi asile analisis luwih cetha kanthi maca hermeneutik kanggo ngungkapake asile panliten adhedhasar underan lan tujuwane panliten.
- (5) Nyimpulake asile analisis. Nggawe asil laporan panliten kang trep adhedhasar dheskripsi dhata lan dudutane. Saka laporan iki bakal dingerteni proses utawa tata cara panliten saka wiwitan nganti pungkasan panliten.

ASILING PANLITEN

Asiling panliten bakal kaandharake kanthi runtut kaya underane panliten yaiku diwiwiti ngenani isi utawa struktur crita rakyat PAT banjur kasatriyann sajrone crita rakyat PAT, lan kang pungkasan ngandharake gayutane kasatriyann sajrone crita rakyat PAT ing kasunyatan.

Struktur Crita Rakyat PAT anggitane Ki Sudadi

Abrams sajrone Nurgiyantoro (2007:36) ngandharake struktur karya sastra bisa ditegesi minangka susunan, negesi lan nggambarake ngenani sakabehane bahan lan perangan kang dadi komponene. Struktur karya sastra kang diandharake sajrone crita rakyat PAT yaiku tema, alur utawa plot, paraga lan pamaragan, lan latar utawa setting.

Tema

Tema yaiku inti kang dadi punjer sawijine crita. Stanton lan Kenny (sajrone Nurgiyantoro, 2010:67) ngandharake tema yaiku makna kang kinandhut sajrone crita. Tema sajrone crita rakyat PAT ngenani kasatriyan. Tema kasebut digambarake dening lelabuhane paraga Sudira kang tansah mbela bebener sajrone laku uripe.

Sudira tansah nuduhake watek kasatriyanne ing laku uripe. Dheweke tansah tumindak becik, merangi tumindak ala kayadene laku kraman tumrap nagara. Andharan kasebut bisa dideleng saka kutipan ing ngisor iki.

“Heh... Sudira, biyen kowe dadi andhahanku. Saiki ayo manut aku, dakwisudha dadi pepatih. Aku kang bakal ngadeg dadi raja ing Tanjung Anom!” pangrimuke Komandhan Tyasa Guna.
“Komandan Tyasa Guna, kula kemutan sumpahing prajurit minangka bhayangkari negari. Aluwung pejah kemawon tinimbang kula kedah dados kraman negari!” wangsulane Sudira.” (PAT/2014/seri14/No.38)

Kutipan kasebut bisa mbuktekake yen Sudira luwih milih setya mbelani negarane yaiku Praja Tanjung Anom. Dheweke luwih milih mati kaya dene sumpahne prajurit negara tinimbang dadi kraman negara utawa nglawan marang negarane dhewe. Dheweke pilih maju nglawan Komandhan Tyasa Guna kang dadi kraman negara. Sudira ora kagodha karo omongane Komandhan Tyasa Guna yen dheweke manut bakal diwisudha dadi patihe. Sudira pilih tetandhingan mbela bebener tumrap Praja Tanjung Anom. Kaya kang wis diandharake sadurunge yen kasatriyan minangka wujud utawa watek satriya utawa pahlawan kang mbelani bangsa lan mbrastha tumindak ala kang ngalangi kasejahteran lan katentremane masyarakat. Tumindake Sudira kang mbela bebener kasebut kalebu tumindak satriya.

Sawijine satriya dianggep minangka prajurit pinilih amarga sumpahing kanggo njaga nilai-nilai kasetyan, kawanenan, lan pakurmatan. Satriya maju ing palagan kanggo ngugemi bebener uga maju tetandhingan kanggo nglindhungi wong cilik lan wong kang ora nduwe daya. Sawijine Manggala Yudha kaya Sudira kuwi tugas utamane yaiku anjaga lan nglindhungi raja lan rakyat. Kasatriyan nuduhake tumindak ora nduwe rasa wedi mati nalika mbela bebener. Kaya kang kagambarake ing paraga Sudira, kasatriyan nduweni watek setya kang dhuwur tumrap raja lan masyarakat.

Plot utawa Alur

Plot sawijine crita mesthi bae ngandhut unsur urutan wektu. Bisa bae ditampilake kanthi eksplisit utawa implisit. Mula, ing sawijine crita mesthi ana kedadean wiwitan, kedadean-kedadean sabanjure, lan bisa bae ana pungkasane. Tasrif (sajrone Nurgiyantoro, 2000: 149-150) plot bisa dibedakake dadi 5 tahap yaiku: (1) *Tahap Situation (Penyituasian)*, (2) *Tahap Generating Circumstances (Pemunculan Konflik)*. Tahap iki minangka tahap wiwitan tuwuhe konflik, banjur konflik kasebut ngrembaka utawa dirembakakake dadi konflik-konflik ing tahap sabanjure. (3) *Tahap Rising Action (Peningkatan Konflik)*. Konflik kang wis ana ing tahap sadurunge tansaya ngrembaka lan muncak. Kedadean-

kedadean dramatik kang dadi punjere crita tansaya agawe tegang. (4) *Tahap Climax (Klimaks)*. Konflik utawa *pertentangan* kang wis dumadi bakal nemoni titik puncake. Klimaks sawijine crita bakal ditandangi dening paraga utama minangka pelaku lan panandang konflik utama. (5) *Tahap Denouement (Penyelesaian)*. Konflik kang wis teka klimaks utawa puncak diwenehi *solusi*, swasana tegang digawe kendho. Saben konflik kang ana dipungkasi critane.

Tahap Situation (penyituasian)

Tahap iki minangka pambuka crita, menahi kabar wiwitan, lan liya-liyane kang nduweni guna kanggo nglandhasi isine crita sabanjure. Minangka pambukane crita ing crita rakyat PAT iki nyaritakake nalika Sudira isih cilik. Biyen mono Sudira iku bocah kang nandhang cacad ora bisa micara. Banjur tanpa kanyana-nyana, tambane Sudira tinemu ing sapinggire wana. Andharan iki bisa dideleng kaya kutipan ing ngisor iki.

“Pak Kerta karo Mbok Kerta wis ilang rasa dheg-dhegane. Wong loro iku mongkok nyumurupi anake lanang kang kendel, prigel, lan rosa bisa ngalahake sima kang meh ngoncat nyawane. Wimbuh-wimbuh rasa senenge Lanang Wadon setengah tuwa sawise nyumurupi Sudira bisa tata jalma. Lelakon iku kaya dene mukjizat. Ana lokan kang tanpa pepindhan. Mbok menawa anggone Gusti nguji kesabarane Pak Kerta lan bojone wus purna mula Sudira bisa tata jalma kaya bocah-bocah liyane.” (PAT/2014/seri1/No.25)

Saka kutipan ing ndhuwur bisa dingerteni nalika Sudira isih cilik, dheweke nandhang cacad ora bisa micara. Sawijine dina dheweke melu wong tuwane menyang sawah pinggire wana, banjur ora dinyana ana sawijine macan kang meh nubruk dheweke. Iba kaget lan wedine Pak Kerta lan bojone meruhi kedadean kasebut. Nanging tibake Sudira malah nglawan lan mateni macan kasebut. Kedadean kuwi uga kang njalari Sudira bisa micara. Ora dinyana yen kedadean ing pinggir wana kuwi kang bisa nambani cacade Sudira. Awit kedadean kuwi, Sudira bisa micara kaya bocah-bocah liyane. Kutipan kasebut ngenalake kahanan paraga utama sajrone crita iki yaiku Sudira.

Tahap Generating Circumstances (Pemunculan Konflik)

Tahap iki minangka tahap wiwitan tuwuhe konflik, banjur konflik kasebut ngrembaka utawa dirembakakake dadi konflik-konflik ing tahap sabanjure. Kedadean kang miwiti tuwuhe konflik sajrone crita rakyat PAT nalika raja ing Praja Tanjung Anom, Prabu Lesan Pura lagi judheg penggalihe mikirake kahanan negarane amarga ngadhepi maneka dhahuru. Andharan kasebut bisa dideleng kaya kutipan ing ngisor iki.

“Raja ing Praja Tanjung Anom, Prabu Lesan Pura, lagi legeg penggalihé menggalihake kahanan negara. Wektu iku Praja Tanjung Anom lagi ngadhèpi maneka warna dhahuru. Nayaka praja akeh kang padha regejegan, cecongkahan, lan cecengilan. Kang dibujung muhung piye bisane untung. Nora peduli wong liya nandhang papa cintraka. Sawetara iku, akeh bupati brang wetan lan brang kulon kang wus ngimpun kekuwatan pengin mardika, uwal saka panguwasa Tanjung Anom.”

(PAT/2014/seri6/No.30)

Kutipan ing ndhuwur nuduhake tuwuhe konflik nalika Prabu Lesan Pura judheg penggalihé amarga ing negarane Praja Tanjung Anom lagi ngadhèpi maneka dhahuru. Para nayaka praja wis ora peduli marang liyan, apa maneh marang wong kang pangkaté luwih cilik. Kang diburu mung untunge dhewe. Saliyane kahanan kang kaya mangkana uga akeh bupati kang wis ngimpun kakuwatan pengin mardika, uwal saka panguwasa Praja Tanjung Anom. Tansaya judheg penggalihé Prabu Lesan Pura mikirake maneka prakara kasebut. Sawise iku, Prabu Lesan Pura golek wisiking marang Gusti kanthi semedi.

Tahap Rising Action (Peningkatan Konflik)

Konflik kang wis ana ing tahap sadurunge tansaya ngrembaka lan muncak. Kedadean-kedadean dramatik kang dadi punjere crita tansaya agawe tegang. Sawise tuwuh konflik wiwitan ngenani Praja Tanjung Anom, banjur prastawa-prastawa kang kedaden tansaya ngrembaka. Kawiwitan sawise Prabu Lesan Pura entuk wangsit, banjur ngumpulake nom-noman kanggo nemokake satriya kang dimaksud ing impene. Banjur ndhawuhi para utusan praja supaya mbukak pendhaptaran prajurit. Warta kasebut enggal sumebar sanegara. Sudira uga krungu warta kasebut banjur melu ndhaptar. Kahanan wiwit muncak lan agawe tegang kedaden nalika Sudira teka ing papan pendaptaran prajurit. Bab kasebut bisa dideleng kutipan ing ngisor iki.

“Heh... kenangapa kowe manganggo sandhangan sarwa putih?” Pitakone Komandhan Tyasa Guna karo mencureng.

“Remen kemawon,” wangsulane Sudira sajak kewedèn.

“Jenengmu sapa?”

“Kula Sudira, Kanjeng.” Wangsulane Sudira karo ndhingklik.

“Sudira? Sudira? Mati kowe! Majua mrene! Tak tamani kerisku! Sida mulih kari jeneng kowe!” pambengoke Komandhan Tyasa Guna karo ngunus keris pusakane. Rumangsa kewedèn, Sudira sigra mencolot mundur, banjur mlayu nggendring ninggalake papan kono. (PAT/2014/seri7/No.31)

Kutipan kasebut nuduhake nalika Komandhan

Tyasa Guna weruh ana nom-noman dhaptar dadi prajurit kang manganggo sandhangan sarwa putih, dheweke kaget. Dheweke kelingan wangsit kang ditampa dening Prabu Lesan Pura. Nom-noman mau ditakoni banjur malah arep dipateni dening Komandhan Tyasa Guna. Dheweke banjur ngunus keris pusakane kanggo mateni Sudira. Sudira kewedèn banjur mlayu ninggalake papan pendaptaran prajurit. Sudira ora ngerti apa kaluputane nganti arep dipateni dening utusan Praja Tanjung Anom kuwi. Kedadean iki kalebu salah sawijine konflik kang ngrembaka saka konflik sadurunge.

Tahap Climax (Klimaks)

Konflik utawa *pertentangan* kang wis dumadi bakal nemoni titik puncake. Klimaks sawijine crita bakal ditandangi dening paraga utama minangka pelaku lan panandang konflik utama. Klimaks sajrone crita rakyat PAT yaiku Sang Manggala Yuda Sudira tandhing lawan Komandhan Tyasa Guna kang dadi kraman negara. Kahanan kasebut bisa dideleng kaya kutipan ing ngisor iki.

“Komandhan Tyasa Guna wus keburu ing kanepsone selak ningkes mungsuhe. Saka ndhuwuring kuda, serangan-serangan kang mbilaheni terus dilancarake kanggo ngupadi lenane Manggala Yuda Sudira. Pedhang Panglebur Raga, gegebengane Komandhan Tyasa Guna, sigra denobat-abitake kanggo mbabat apa wae kang ana ing pangarepe. Sang Manggala Yuda enggal ngetokake senjata gegebengane. Cemethi buntut Macan Putih kang bakal ngrampungsi tetandhingan iki. Senjata cemethi mung disabet-sabetake sakiwa tengene awake Tyasa Guna nganti metu geni ing sakiwa tengene papan kono. Suwe-suwe Tyasa Guna kamigilan lan pasrah bongkokan.”

(PAT/2014/seri15/No.39)

Kutipan ing ndhuwur nuduhake konflik sajrone crita nemoni klimaks utawa puncake. Nalika Manggala Yuda Sudira mertahanake praja Tanjung Anom kang arep dikoyak dening Komandhan Tyasa Guna. Jebul tanpa dinyana-nyana, Komandhan Tyasa Guna kepengin dadi paguwasa tunggal ing Tanjung Anom, mula dheweke dadi kraman negara. Minangka satriya kang tumemen, Sudira tandhing klawan Tyasa Guna kanggo mungkasi parahara kasebut. Tyasa Guna ora wedi marang Sudira kang nyata pendhekar pilih tandhing, amarga pepenginane dadi panguwasa tunggal Tanjung Anom wus gembleng. Ora pedhuli marang pepalang kang ana sangarepe, kabeh bakal ditandhingi lan diadhèpi murih bisa nggayuh pangimpene kasebut. Kekarone padha ngetokake senjata gegebengane, katon serangan-serangan saka kalorone padha mbilaheni. Pungkasane Komandhan Tyasa Guna bisa dikalahake dening Sudira nganggo cemethi buntut macan putih banjur pasrah bongkokan lan

diringkus dilebokake pakunjaran.

Tahap Denouement (Penyelesaian)

Konflik kang wis teka klimaks utawa puncak diwenehi *solusi*, swasana tegang digawe kendho. Saben konflik kang ana dipungkasi critane. Tahap parampungan konflik sajrone crita rakyat PAT bisa dideleng kaya kutipan ing ngisor iki.

“Laku kraman klebu tumindak kang mbebayani tumrap negara, mula pranatan Praja Tanjung Anom netepake marang sapa wae kang kabukten nindakake kraman kapidana pati. Kabeh padha sarujuk marang ukum kuwi. Kaya isine putusan mau, sakulawargane Komandhan Tyasa Guna kudu nampa paukuman mati dadi pangewan-ewan kagantung ing alun-alun. Saperangan maneh ana kang kudu dikunjara selawase urip, lan ukuman kunjara puluhan taun lawase.” (PAT/2014/seri15/No.39)

Kutipan ing ndhuwur nuduhake parampungan konflik kang dumadi sajrone crita kasebut. Sawise Komandhan Tyasa Guna saandhahane kasil karingkus dening Manggala Yuda Sudira, Praja Tanjung Anom mutusake para kraman nagara mau dipidana mati. Awit tumindak kraman kuwi kalebu tumindak kang banget mbebayani tumrape nagara. Kabeh pihak setuju tumrap putusane Praja Tanjung Anom kasebut. Komandhan Tyasa Guna sakulawargane dipidana mati lan digantung ing alun-alun kanggo pangeling-eling masyarakat liyane yen ta tumindak kang ngrugekake nagara arupa tumindak kraman kuwi bakal ditumpes nganti saoyot-oyote. Kuwi kabeh katindakake supaya katentreman lan keamanan sawijine nagara tansah kajaga.

Paraga lan Pamaragan

Abrams (sajrone Nurgiyantoro, 2007:165) ngandharake paraga crita yaiku wong-wong kang ditampilake ana sawijine karya naratif utawa drama kang dening pamacane dingerteni minangka wong kang nduweni kualitas moral lan sawenehe sipat tartamtu. Wewatekan padha tegese karo *character* yaiku mujudake tumindak, kawigaten, pepinginan, emosi, lan prinsip moral kang ana ing paraga-paragane (Stanton sajrone Nurgiyantoro, 2007:165).

Paraga kang ana sajrone crita yen dideleng saka tingkat perane paraga kaperang dadi paraga utama lan paraga tambahan (Nurgiyantoro, 2007: 176). Andharan kasebut kang ndhasari panliti kanggo ngandharake paraga-paraga sajrone crita rakyat PAT iki.

Paraga Utama

Paraga utama sajrone crita mujudake paraga kang paling wigati, mula paraga kasebut kang paling kerep metu utawa dicritakake dening pengarang. Lelakon kang dilakoni dening paraga utama minangka punjere crita. Kang kadhapuk minangka paraga utama sajrone crita

rakyat PAT anggitane Ki Sudadi yaiku Sudira. Sudira digambarake wong lanang kang gedhe dhuwur, resik, tur kendel. Senajan asale saka kulawarga kang prasaja malah kalebu mlarat ing Desa Kumbang alit, nanging wiwit cilik dheweke wis katon lantip lan kendel. Wewatekane Sudira digambarake minangka nom-noman kang ikhlas, lantip, bekti marang wong tuwa, kendel, trenyuh atine, tanggung jawab, lan mujudake pendhekar pilih tandhing.

Sawise Sudira bisa micara, bapake Sudira nduwe kekeparepan supaya anake lanang nduwe keprigelan olah bela dhiri kanggo sangune urip. Sudira dikongkon bapake meguru ing padhepokan silat Pangudi Raga. Bapake Sudira ngeterake anake menyang padhepokan kasebut kang mapan ana ing desa Carang Wilis. Sudira bisa nampa apa bae kang diwulangake dening gurune. Senajan piwulang kang diwenehake asring sinurat saka kagiatan-kagiatan tartamtu, Sudira bisa nampa lan mangerteni piwulang kasebut. Bab kasebut nuduhake yen Sudira pranyata bocah kang lantip. Bab kasebut bisa dideleng saka kutipan ing ngisor iki.

“Nyuwun panganpunten Ki. Menapa kepareng kula matur,” ature Sudira.

“Yoh dak keparengake. Ing peguron iki ora ana kang pinter dhewe. Kabeh wenang duwe panemu. Ora kudu aku minangka sesepuh ing peguron iki kang kudu menahi piwulang. Piwulang iku bisa asal saka sapa wae, klebu saka siswa-siswaku.”

“Kita saged ngraosaken nikmatipun dhahar saha ngonjuk menawi sampun ngraosaken ngelih saha ngelak ingkang sakalangkung limrah. Pramila tetiyang ingkang mboten ngelih saha ngelak, temtu kemawon mboten saged ngraosaken nikmatipun dhahar saha ngonjuk ingkang sayektos.” (PAT/2014/seri3/No.27)

Kutipan kasebut nuduhake menawa Sudira klebu nom-noman kang lantip. Saben akir taun, para siswa ing padhepokan silat Pangudi Raga nampa dhawuh supaya mlaku sajrone sedina sewengi muput. Nalika gladhen kasebut, para siswa ora dikeparengake nggawa sangu apa bae. Bisane mangan lan ngombe angger entuk jatah saka peguron. Sawise ngayahi gladhen kasebut, Ki Wuragil nakoni siswane kabeh ngenani piwulang apa kang bisa dijupuk saka gladhen kasebut. Kabeh padha meneng, ora ana siji-sijine siswane kang aweh panemu. Ora let suwi, Sudira idin aweh panemu yen piwulang kang bisa dijupuk yaiku kang bisa ngrasakake nikmate mangan lan ngombe kuwi wong kang banget ngrasakake luwe lan ngelak. Mula, wong kang ora luwe lan ngelak mesthi bae ora bisa ngrasakake nikmate mangan lan ngombe kang satenane. Nyata lantip panalare Sudira dideleng saka kahanan kasebut. Bisa nemokake piwulang sajrone gladhen kang diayahi.

Paraga Tambahan

Paraga tambahan minangka paraga kang

nyengkuyung lelakone paraga utama sajrone crita. Supaya kedadean-kedadean sajrone crita lumaku lan bisa mujudake sawijine crita kang wutuh, mesthi bae ana paraga-paraga tambahan kang nyengkuyung mlakune crita. Kang kadhapak dadi paraga tambahan sajrone crita rakyat PAT iki cacache akeh banget, nanging kang bakal dirembug mung saperangan bae. Paraga tambahan kang nduwe sesambungan raket klawan paraga utama kang bakal dirembug ing kene. Cacache yaiku ana wolu, luwih cethane bisa dideleng ing andharan iki.

Pak Kerta

Pak Kerta minangka wong tuwane Sudira. Bapake Sudira digambarake minangka wong kang tanggung jawab. Kulawargane Pak Kerta kuwi kalebu kulawarga kang prasaja, malah kalebu wong ora nduwe. Wewatekane paraga Pak Kerta digambarake minangka paraga kang tanggung jawab. Pak Kerta minangka kepala kulawarga tansah nyambut gawe kanthi mepeng kanggo nyukupi kabutuhan sabendina sakulawarga. Senajan mung dadi buruh tani ing sawahe wong liya, Pak Kerta nyambut gawe kanthi sregep lan mepeng. Bab kasebut bisa dideleng saka kutipan ing ngisor iki.

“Ora ana rampunge Mbokne. Yen nuruti pegaweyane juragan Janggol nganti taun ngarep ora bakal rampung. Ning aku ya malah seneng. Tegese ora bakal nganggur.”

“Ora perlu ngaya. Yen kesel ya njaluk prei dhisik,” kandhane Mbok Kerta karo nyelehake cangkir ana ngarepe bojone.

“Wis dapkire dhewe.” (PAT/2014/seri1/No.25)

Kutipan ing ndhuwur nuduhake yen Pak Kerta kalebu wong kang seneng makarya. Senajan mung dadi buruh ing sawahe juragan Janggol, dheweke nyambut gawe kanthi mepeng. Bab kasebut dilakoni kanggo nyukupi kabutuhan kulawargane kang kalebu prasaja. Dadi wong tani kang bisa ngolah bumi lan ngasilake pangan kanggo nyukupi kabutuhan urip wong sepirang-pirang wus ndadekake mongkog atine. Pak Kerta minangka sapu kawate kulawarga. Saliyane ngolah sawahe dhewe kang sethithik, dheweke wus mataun-taun dadi buruh tani kang prigel. Ora mokal lamun akeh juragan lan wong sugih kang asring nggunakake tenagane. Asile dadi buruh srabutan lumayan kanggo cagak panguripan kulawargane. Kanthi asil kang nyukupi kasebut, ora aneh yen kulawargane Pak Kerta bisa kacukupan pangan, sandhangan, lan papane. Panguripane bisa tumata kanthi becik. Tumindak kang dilakoni Pak Kerta kasebut nuduhake yen dheweke nduweni tanggung jawab marang kulawarga.

Latar utawa Setting

Latar tegese papan, gegayutane wektu lan lingkungan sosial dumadine kedadean-kedadean kang dicritakake dening pangripta. Nurgiyantoro (2010:233)

ngandharake unsur latar diperang dadi telung unsur pokok, yaiku panggonan, wektu, lan sosial. Katelune nduweni unsur kang nawarake prekara kang beda lan bisa madeg dhewe. Nanging pranyata katelu unsur kasebut tansah gegayutan antarane siji lan sijine. Gunane latar yaiku minangka panyengkuyung lan panjangkep alur lan pamaragan. Latar utawa setting kang ana sajrone crita rakyat PAT anggitane Ki Sudadi iki akeh banget. Wiwit saka latar panggonan, wektu, nganti sosial.

Latar Panggonan

Latar panggonan awujud jeneng sawijine papan, bisa uga papan kang tanpa jeneng. Luwih cethane ngenani latar panggonan sajrone crita rakyat PAT bakal diandharake ing ngisor iki:

Desa Carang Wilis

Desa Carang Wilis minangka papane Sudira ngudi kawruh bab olah kanuragan lan bela dhiri. Sawise Sudira bisa tata jalma, dheweke diterake bapake menyang desa Carang Wilis kanggo meguru ing sawijine padhepokan olah kanuragan lan bela dhiri. Bisa dideleng saka kutipan ing ngisor iki.

...Pak Kerta, Sudira, lan Cundhaka wus tumekeng desa Carang Wilis. Mapan ing pojoking desa, ing kono ana padhepokan olah batin lan olah bela dhiri kang dipandhegani dening Ki Wuragil.” (PAT/2014/seri2/No.26)

Kutipan kasebut ngandharake yen Pak Kerta, Sudira, lan Cundhaka wus teka ing papan kang dituju yaiku desa Carang Wilis. Ing desa kono mapan sawijine padhepokan olah kanuragan kang dipandhegani dening Ki Wuragil, Padhepokan Pangudi Raga.

Latar Wektu

Latar wektu nuduhake kapan sawijine prastawa sajrone crita kedaden. Bisa awujud dina, tanggal, taun, lan sapiturute.

Sore

Wayah sore nuduhake kahanan nalika Pak Kerta ngaso sawetara wektu sabubare mulih makarya. Kutipane bisa dideleng ing ngisor iki.

“Wis dadi pakulinane buruh tani siji iki, saben sore sabubare mulih saka makarya mesthi nyisihake wektu kanggo ngaso ora ketang mung sawetara wektu.” (PAT/2014/seri1/No.25)

Kutipan kasebut ngandharake yen Pak Kerta minangka buruh tani tansah nyisihake wektu kanggo ngaso sabubare mulih saka makarya wayah saben sore. Bab kasebut wus dadi pakulinane Pak Kerta, senajan mung sedhela nanging mesthi disempetake. Saliyane kutipan kasebut, uga ana kutipan liya kang nuduhake latar wektu sore sajrone crita rakyat PAT.

Latar Sosial

Latar sosial yaiku gambaran ngenani sawijine bab kang ana gegayutane karo kahanan prilaku panguripane masyarakat sosial ing sawijine panggonan

kang dicritakake sajrone karya fiksi. Latar sosial nyakup kabiasaan urip saben dinane, adat istiadat, tradhisi, pamawas urip, tata carane mikir lan nandhang, basa, status sosial, lan liya-liyane. Ing crita rakyat PAT iki pangripta nyoba nggambarake latar sosial kang dilandhesi golongan priyayi. Saliyane kuwi, pangripta uga nggambarake latar sosial ngenani tulung tinulung marang wong kang mbutuhake. Latar sosial golongan priyayi iki bisa dideleng saka kutipan crita rakyat PAT ing ngisor iki.

Ora pati cetha wigatine pahargyan. Yen ora kleru mahargya kawine Pangeran Lingga Harda kang wus mbangun bale wisma karo Raden Ajeng Tyasningsih. (PAT/2014/seri16/No.40)

Kutipan ing ndhuwur ngandharake yen pahargyan kang ditekani Sudira minangka mahargya nikahane Pangeran Lingga Harda klawan Raden Ajeng Tyasningsih ing dalem Praja Tanjung Anom. Raden Ajeng yaiku sebutane bocah wadon trahing ratu nganti tekan canggah.

Anane sebutan Raden Ajeng, Pangeran, Adipati, lan sapanunggalé mujudake gelar kebangsawanan. Sabanjure latar sosial ngenani tulung tinulung. Para paraga sajrone crita rakyat PAT kang nindakake tulung-tinulung antarane saka golongan sanak sedulur, warga desa, para punggawa lan manggalane prajurit. Tulung tinulung sajrone crita rakyat PAT bisa diawasi nalika bapake Sudira seda, warga desa Kumbang Alit enggal padha ngrukti layone Pak Kerta. Kahanan kasebut bisa dideleng saka kutipan ing ngisor iki.

Wong desa Kumbang Alit kang isih guyub enggal-enggal ngrukti layone Pak Kerta kaya adat kang lumaku ing papan kono. Pangruktine layon lumaku kanthi rancak. (PAT/2014/seri3/No.27)

Kutipan kasebut ngandharake nalika Pak Kerta seda, wong desa Kumbang Alit kang isih guyub rukun padha bebarengan enggal-enggal ngrukti layone Pak Kerta. Bab kasebut mujudake yen warga desa padha tulung-tinulung marang wong liya kang nandhang kasusahan. Budaya tulung tinulung wus lumrah, malah kepara dadi titikane masyarakat Jawa. Tulung tinulung nuduhake kapribadhen kang kudu diduweni dening para satriya kang mujudake predhuli marang wong liya. Tulung-tinulung minangka dhasar kapribadhen sawijine satriya.

Kasatriyan sajrone Crita Rakyat PAT

Crita rakyat PAT iki ngandhut kasatriyan kang bisa dadi tuntunan tumrap masyarakat kanggo nuwuhake watak-watak satriya sajrone urip ing bebrayan. Sudaryanto (2001:929) ngandharake kasatriyan saka tembung satriya kang tegese wong kang luhur bebudene lan saguh ndhadhagi utawa mbelani bangsa lan negarane. Saputra (2009:68) ngandharake nilai-nilai positif

lelabuhane jiwa lan semangat kebangsaan yaiku, (1) jiwa *solidaritas* (paseduluran) saka sakabehane tingkatan masyarakat tumrap perjuwangan kamardikan, (2) *pro patria* lan *primus patrialis*, yaiku tansah tresna marang bangsa lan negara utawa tanah wutah getihe, ngutamakake kepentingan tanah wutah getihe, (3) jiwa *toleransi*, (4) jiwa tanpa pamrih lan tanggung jawab, (5) jiwa satriya.

Adhedhasar andharan underan panliten kang kapisan ngenani struktur karya sastra kang wus diandharake sadurunge, kasatriyan iki uga kang dadi tema sosial crita kasebut. Satriya iku tumindak kang bisa ngasilake kabecikan antarane kita lan wong liya. Satriya uga tansah ngugemi nilai-nilai kamanungsan kayata gedhe pangapura lan ora wales dendham. Kang kalebu kasatriyan sajrone crita rakyat PAT yaiku tanggon, tangguh, gedhe pangapura, *optimis*, wicaksana, welas asih, iklas, nasionalisme, amanah, lan pedhuli marang liyan. Kasatriyan kang ana sajrone crita rakyat PAT bakal diandharake kanthi cetha lan rowa ing sub-bab iki.

Tanggon

Tanggon mujudake wong kang pilih tandhing lan wani ngadhepi sapa bae awit iku bener. Tanggon minangka watek kang nduweni kewanenan lan ora jirih. Wujud tanggon sajrone crita rakyat PAT dituduhake dening tumindake paraga Sudira kang ngadhepi para brandhal. Luwih cethane bisa dideleng sajrone kutipan ing ngisor iki.

“Sampeyan iki wani pa ngadhepi brandhal sing duwe grombolan sepirang-pirang?”

“Piyantune pinten? Wonten tigang dasa napa mboten?”

“Ya ora ana. Ning wonge kejem tur kasar.”

“Mboten napa-napa. Kula wantun ngadhepi para durjana kados ngoten niku. (PAT/2014/seri7/No.31)

Kutipan kasebut ngandharake yen Sudira nduweni watek tanggon, dheweke wani nglawan para brandhal sagrombolane amarga mbela bebener tumrap kulawargane Juragan Harda. Wus rumangsa dadi kuwajibane mbrastha para durjana kang tumindak ala marang liyan. Sudira ora mikir kayangapa lan sepira kakuwatane para bandhal sagrombolane kasebut. Sudira rumangsa bener bakal merangi para durjana kuwi. Senajan cacache brandal ora ana telung puluh, nanging cacache ora mung siji. Kuwi mbuktekake yen Sudira tanggon. Wani ngadhepi brandhal utawa durjana kasebut minangka tumindak kang mujudake kasatriyan. Tanggon iki becik yen dituladha dening masyarakat. Awit watek tanggon bisa njalari katentreman tumrap lingkungan.

Tangguh

Tangguh yaiku ora gampang nglokro, kuwat, lan angel dikalahake (KBBI, 2008:1281). Wujud tangguh sajrone crita rakyat PAT dituduhake dening paraga Sudira

kang tangguh ngadhepi para mungsuh. Bab kasebut bisa diwawas saka kutipan ing ngisor iki.

“Sudira kelakon tetandhingan lumawan Senopati Bindhi Pati kang kabiyantu dening senopati wanita Bintarti. Senopati Bindhi Pati tansah ngoglangake dume pinter migunakake tumbak. Tumbak kajojoh-jojohake lan kasebtake bola-bali kanthi sasaran awake Sudira, ananging serangan kuwi tansah bisa diendhani. Senopati Bintarti kang ngigla pedhang uga banjur nyerang. Sudira dikrubut wong loro. Sekawit, Sudira mung ngendhani serangan-serangan kuwi. Ananging, sajake serangane wong loro iki saya mbebayani. Meh wae, pedhange Bintarti ngenani pundhake Sudira. Tumbake Senopati Bindhi Pati kajojohake sepisan maneh, tumancep ing wit. Sudira tiba klumah ngendhani serangan kuwi. Bintarti ngangseg serangane.”

(PAT/2014/seri13/No.37)

Kutipan ing ndhuwur nuduhake yen Sudira angel dikalahake. Nalika iku Sudira ketemu karo Adipati Gordha Yaksa ing saenening papan. Banjur Sudira adu kasekten lumawan Senopati Bindhi Pati lan Senopati Bintarti, dheweke angel dikalahake dening kaloro senopati kasebut. Senajan kaloro senopati wus nglancarake serangan-serangan kang mbebayani, nanging Sudira tansah bisa ngendhani serangan-serangan kasebut. Sawise tetandhingan lumawan kaloro Senopati, Sudira adhep-adhepan karo Adipati Gordha Yaksa. Kalorone nuduhake kaprigelane bab olah bela dhiri. Supaya dadi satriya kang tangguh, kudu tansah ngupaya kanggo ningkatake keprigelan lan ngilangake kakurangan. Nduwe rasa percaya dhiri, dadi kuwat sacara fisik, lan sinau bab olah bela dhiri bakal bisa ndadekake sawijine wong dadi tangguh.

Gedhe Pangapura

Gedhe pangapura mujudake satriya kang ngugemi nilai-nilai kamanungsan. Gedhe pangapura minangka lila menahi pangapura marang wong liya tanpa nduweni rasa dendham. Wujud gedhe pangapura sajrone crita rakyat PAT ditindakake dening Prabu Lesan Pura. Bab kasebut bisa diwawas saka kutipan ing ngisor iki.

Prabu Lesan Pura nora ngersakake perkara anggone Komandhan Tyasa Guna nyingidake Sudira dadi kedawa-dawa. Sing wigati kabeh isih nyawiji ing ati kanggo kaluhurane Praja Tanjung Anom, mula kabeh kudu nglenggana mring kaluputane dhewe-dhewe. Dina iki praja Tanjung Anom wus duwe suhing prajurit. Sateruse, upacara wisudhan kang mirunggan diadani. Sudira winisuda dadi manggala yuda dene Hutaya entuk kalungguhan dadi tamtama prajurit. Komandhan Tyasa Guna uga isih pinercaya dadi tetuwaning para tamtama.

(PAT/2014/seri13/No.37)

Kutipan ing ndhuwur ngandharake yen Prabu Lesan Pura ora ngersakake perkara Komandhan Tyasa Guna nyingidake Sudira dadi kedawa-dawa. Miturut Sang Prabu kabeh kudu nglenggana marang kaluputane dhewe-dhewe. Kang utama yaiku kabeh sesepuh lan punggawa isih tansah nyawiji kanggo mujudake kaluhurane Praja Tanjung Anom. Bab kasebut nuduhake yen Prabu Lesan Pura gedhe pangapura. Panjenengane menahi ngapura tumrap kaluputane Komandhan Tyasa Guna. Saliyane iku, Sang Prabu ya isih mercaya Komandhan Tyasa Guna dadi tetuwaning para tamtama. Senajan Komandhan Tyasa Guna wus tumindak luput, nanging Prabu Lesan Pura menahi pangapura marang piyambake. Sang Prabu uga ora nduwe rasa dhendham marang Komandhan Tyasa Guna.

Optimis

Optimis yaiku tansah nduweni pangarep-arep kang apik sajrone ngadhepi sawijine bab. Bintarti *optimis* yen wadya Kencana Arga bisa nyerang balik marang wadya Tanjung Anom lan ngrebut kemenangan. Bab kasebut bisa dideleng saka kutipan ing ngisor iki.

“Iya. Ayo nylametake urip. Karepku kabeh wadya Kencana Arga padha ngungsi ing kadipaten sakiwa tengene Kencana Arga kene. Yen wus lerem, mengko bisa dirembug sing kanthi becik.”

“Ngungsi? Mboten wonten pigunanipun. Kula pitados menawi wadya Kencana Arga dereng kawon. Malah saged kemawon kita nyerang balik lajeng ngrebut kemenangan! Nanging kedah ngginakaken cara,” ature Bintarti. (PAT/2014/seri11/No.35)

Kutipan ing ndhuwur ngandharake yen Adipati Gordha Yaksa sawadya Kencana Arga mawut tan kuwawa ngadhepi wadya Tanjung Anom. Sang Adipati sawadya banjur arep ngungsi nylametake urip. Nalika kuwi ketemu Bintarti, adhine Sang Adipati. Miturut panemune Bintarti, dheweke nduwe keyakinan yen wadya Kencana Arga durung kalah. Bintarti uga yakin malah bisa bae wadya Kencana Arga nyerang balik banjur bisa ngrebut kemenangan kanthi nggunakake sawijine cara. Bintarti banjur nyusun siasat kanggo nyerang balik wadya Tanjung Anom, kanthi pengarep-arep kang apik yaiku bisa menang kasil mikut Prabu Lesan Pura sapendhereke. Pranayata kanthi pamikiran lan watek *optimis* bisa nuwuhake semangat kanggo anggayuh tujuwan.

Kasatriyan awujud *optimis* ing crita rakyat PAT dituduhake Bintarti kang nduweni pangarep-arep kang apik utawa bisa ditegesi nduweni pangarep-arep tumrap nggayuh pepenginan nalika maju ing paprangan. Para pandhega prajurit tansah *optimis* nalika arep maju ing palagan. Dene ing jaman saiki, *optimis* iki bisa ditrapake

ing babagan apa bae. Minangka penerus bangsa, para kawula mudha kudu tansah nduweni pangarep-arep kang apik nalika anggayuh pepenginan tumrap kepentingan negara. Pergerakan pemudha ing jaman modern sajrone nyebarake sikap *optimis* tumrap bangsa bisa diwujudake kanthi nggawe lapangan perkerjaan lan gotong royong mangun negara kanthi semangat kebangsaan.

Wicaksana

Wicaksana yaiku landhep pikire, bagus budhine, pintar, arif, sarta ngati-ati yen ngadhepi samubarang (KBBI, 2008:176). Wujud wicaksana sajrone crita rakyat PAT katindakake dening paraga Ki Wuragil. Minangka guru sawijine padhepokan olah kanuragan lan bela dhiri, saliyané pendhekar dhug-dheng, Ki Wuragil uga mujudake pendhekar kang wicaksana. Sawise gladhen olah kanuragan, Ki Wuragil mesthi menehi piweling utawa wejangan marang para siswane. Bab kasebut dibuktekake saka kutipan ing ngisor iki.

“Para siswa kabeh padha sinaunen. Ing awal tetandhingan iki mau Pideksa katon jumawa. Nanging sejatine Sumali kang luwih unggul. Kenangapa? Amarga Sumali kang luwih bisa ngendhaleni dhiri. Kanyatan kemenangan tandhing wurung dumunung ing keprigelan nguwasani jurus utawa ngetrepake jurus. Mula saka kuwi, sawijining pendhekar kudu bisa ngendhaleni napsu. Kendhali kuwi dadi kunci anggayuh kemenangan,” piwulange Ki Wuragil kanthi kebak kawicaksanan.

(PAT/2014/seri2/No.26)

Kutipan ing ndhuwur nuduhake yen Ki Wuragil menehi piweling utawa wejangan marang para siswane ngenani kunci anggayuh kemenangan. Sawise Pideksa lan Sumali tandhing, ing awale Pideksa kang katon jumawa utawa nguwasani tetandhingan. Nanging, yen dideleng luwih tliti, sejatine kang luwih unggul kuwi Sumali. Bab kasebut amarga Sumali luwih bisa ngendhalekake hawa nepsune tinimbang Pideksa, pungkasane Sumali bisa ngalahake Pideksa. Jejere pendhekar pilih tandhing kuwi ora mung dumunung ana ing kaprigelan nguwasani jurus, nanging uga kudu bisa ngendhaleni hawa nepsune. Kendhali kasebut kang dadi kunci anggayuh kemenangan.

Welas Asih

Welas asih yaiku tansah nduweni rasa ikhlas, ngrasa mesakne lan pedhuli marang liyan (KBBI, 2008:1036). Wujud welas asih sajrone crita rakyat PAT bisa diwawas sajrone kutipan ing ngisor iki.

“Iya Pak Lik. Mati urip, bungah susah padha dilakoni wong loro. Apa panjenengan ora selak omah-omah?”

“Sawetara wektu durung. Mengko yen kabeh wis padhang, aku aku lagi mikir awakku dhewe. Saiki ayo napaki lakune urip kowe bebarengan karo aku.” (PAT/2014/seri5/No.29)

Kutipan ing ndhuwur ngandharake yen Anggana ora tega lan mesakne marang ponakane, Sudira. Sawise ditinggal dening bapake, Sudira uga ditinggal dening biyunge. Kahanan kasebut agawe Anggana ora tega nyawang uripe ponakane. Anggana durung mikirake awake dhewe, nanging milih napaki laku urip karo Sudira. Bab kasebut nuduhake yen paraga Anggana nduweni watek welas asih.

Iklas

Iklas minangka tumindak kanthi lega lila sajrone batin. Iklas mujudake ati kang tulus. Wujud ikhlas sajrone crita rakyat PAT ditindakake dening paraga Sudira. Bisa dideleng ing kutipan iki.

“Sudira ora nyumurupi yen dheweke wus dilarapake mring papan pengalapan. Kanthi ikhlas wae dheweke nglakoni urip ing sajrone grumbul. Nadyan nandhang kasangsaya urip rekasa ing sajrone grumbul, Sudira napaki dinadinane kanthi lila legawa tanpa nggresula.”

(PAT/2014/seri9/No.33)

Saka kutipan ing ndhuwur bisa diweruhi yen Sudira klebu wong kang ikhlas nglakoni lan nampa dalan uripe. Dheweke ora tau ngresula senjata uripe sengsara. Nalika Sudira ora weruh yen disingidake ing papan pengalapan, dheweke nampa kanthi ikhlas nglakoni uripe sajrone alas kana. Senadyan tansah kasangsaya urip rekasa ing kana, nanging dheweke ora tau ngresula ngenani kahanan uripe. Tansah lila legawa nglakoni urip kang kepriye bae. Iklas nampa lan nglakoni kahanan kang kayangapa bae iku mujudake sawijine watak satriya utawa kasatriyan.

Nasionalisme

Nasionalisme mujudake tresna marang negara utawa tanah wutah getihe, uga mujudake rasa kanggo mertahanake negarane. Nasionalisme minangka sawijine gegayuhan utawa pepenginan kanggo mujudake persatuan sajrone bernegara. Wujud nasionalisme kang ana sajrone crita rakyat PAT bisa diwawas ing kutipan iki.

“Ora bisa! Aku ora bakal masrahake makutha praja Tanjung Anom marang tetuwane kraman negara kaya kowe iki! Dadi apa kawula Tanjung Anom yen rajane kaya sira iki!”

“Yen ngaten kula kedah tegel kalih panjenengan, heh...prajurit rangketen Pangeran Lesan Caka iki! Banda terus lebokna ing pakunjaran!”(PAT/2014/seri14/No.38)

Kutipan ing ndhuwur ngandharake yen Pangeran Lesan Caka lila kurban kanggo Praja Tanjung Anom. Lila kurban minangka tumindak kang lila ngorbanake awake dhewe utawa kepentingane dhewe kanggo wong liya utawa negarane. Minangka putrane ratu, wis dadi kuwajibane uga kudu lila kurban kanggo mertahanake Praja Tanjung Anom. Komandhan Tyasa Guna lan para prajurit andhahane ngepung patunggone Pangeran Lesan

Caka, nalika para prajurite Tanjung Anom dipecah. Komandhan Tyasa Guna njaluk Praja Tanjung Anom dipasrahake marang dheweke kanthi meksa Pangeran Lesan Caka, nanging Pangeran Lesan Caka ora bisa masrahake Praja Tanjung Anom marang wong kang dadi kraman negara kaya kuwi, piyambake pilih dirangket dening prajurite Komandhan Tyasa Guna banjur dilebokake pakunjaran. Tumindak lila kurban kasebut mujudake salah sawijine rasa nasionalisme.

Amanah

Amanah minangka tumindak netepi apa kang diamanatake marang dheweke (KBBI, 2008:47). Wujud amanah iku menehake tanggungan kuwajiban marang wong kang bisa dipercaya. Watek amanah mujudake tumindak kang tansah ngugemi lan nglaksanakake dhawuh saka wong liya. Wujud amanah sajrone crita rakyat PAT ditindakake dening Sudira. Bab kasebut bisa dideleng saka kutipan ing ngisor iki.

“Kabeh wus dadi putusaningsun, mula kudu padha bisa nglakoni putusan iki. Marang sira Sudira lan uga Komandhan Tyasa Guna, enggal tindakna jebibahane negara kang luhur iki. Ingsun jampangi lakunira kabeh!” dhawuhe Prabu Lesan Pura.

“Nuninggih tansah nyuwun pangestunipun ingkang sinuwun,” ature Komandhan Tyasa Guna lan uga Sudira meh bebarengan.

Manggala Yuda Sudira wus ngirit wadya bala nelukake Kadipaten Minta Jiwa. Dhampyak-dhampyak lakune prajurit Tanjung Anom kang bakal tumuju ing glanggang payudan. (PAT/2014/seri14/No.38)

Kutipan kasebut ngandharake yen Sudira nglaksanakake apa kang dadi dhawuhe Prabu Lesan Pura. Minangka manggala yuda ing sawijine praja, Sudira tansah amanah marang kuwajiban kang wis ditampa. Sawise didhawuhi dening Prabu Lesan Pura, Manggala Yuda Sudira enggal ngirit wadya bala kanggo nelukake Kadipaten Minta Jiwa. Jebibahan lan kuwajiban kang diwenehake marang Manggala Yuda Sudira bisa dilaksanakake kanthi becik nganti bisa ngrampungake dhawuhe Sang Prabu tanpa keblinger lan kagodha dening pepalang. Sudira ora tau nulak uga suwala marang dhawuhe Prabu Lesan Pura. Apa bae dhawuh kang ditampa dening Sudira tansah enggal dilaksanakake kanthi tumemen.

Gayutane Kasatriyan sajrone Crita Rakyat PAT ing Kasunyatan

Wujud kasatriyan kang ana sajrone crita rakyat PAT anggitane Ki Sudadi, pranyata ana gegayutane ing kasunyatan. Maneka wujud kasatriyan sajrone crita rakyat PAT kang wus diandharake ing ndhuwur bakal digayutake ing bebrayan nyata. Cethane bakal

diandharake kaya ing ngisor iki.

Tanggon

Kasatriyan kang awujud tanggon sajrone crita rakyat PAT digambarake dening Sudira kang ngadhepi para brandhal lan Manggala Yuda Utara kang nentang putusane Prabu Lesan Pura. Tanggon kang ana sajrone urip bebrayan nyata dituduhake dening sawijine anggota TNI kang ngadhepi perampok. Bisa dideleng ing kutipan warta iki.

Kejadian bermula pada pukul 6.35 WIB, Serka Endra Amin ketika melintas di jalan Bilal hendak berangkat kerja di Rumkit tingkat II Putri Hijau tiba-tiba mendengar teriakan seorang wanita bernama Ferwina Laia (19) rampok...rampok...rampok, akhirnya Serka Endra Amin memacu sepeda motornya mengikuti pelaku berjumlah dua orang hingga sampai di kompleks PJKA Brayon, Endra Amin langsung menabrakkan sepeda motornya kearah sepeda motor pelaku, hingga keduanya terjatuh. Sadar yang dihadapi adalah seorang anggota TNI, salah seorang pelaku langsung mencabut pisau dari pinggangnya dan mencoba menikam Serka Endra Aminpun langsung mengambil double stik dan menghantamkan kearah tangan pelaku dan pisau pelaku terjatuh dan saat itulah Endra Amin langsung melumpuhkan kedua pelaku dengan memainkan jurus double stik menghantamkannya kearah tubuh pelaku lainnya hingga tersungkur ketanah.

(<https://pewarta.co/news/sumut/gagalkan/aksi/pe-rampokan>)

Kedadean kawiwitan jam 6.35 WIB, nalika Serka Endra Amin liwat ing jalan Bilal arep budhal makarya ing Rumkit tingkat II Putri Hijau krungu pambengoke sawijine wong wadon kang aran Ferwina Laia (19) rampok...rampok...rampok, Serka Endra Amin ngegas motore nututi pelaku kang jumlahe wong loro nganti tekan kompleks PJKA Brayon, Endra Amin langsung nabrakake motore marang motore pelaku, nganti kalorone tiba. Sadhar kang diadhepi sawijine anggota TNI, siji pelaku langsung ndudut glathi saka bangkekane lan ditujokake Serka Endra Amin, dheweke langsung njupuk double stik lan ngantemake marang tangane pelaku banjur glathine pelaku ceblok lan nalika kuwi uga Endra Amin nglumpuhake pelaku sakloron kanthi nggunakake jurus double stik ngantemake tumuju pelaku liyane nganti tiba ndlosor.

Kutipan warta kasebut nuduhake sawijine tumindak kasatriyan yaiku tanggon kang ana sajrone urip

bebrayan kang nyata. Tanggon sajrone crita rakyat PAT dituduhake dening Sudira kang mbela bebener kanthi wani ngadhepi brandhal Lodra kang tumindak meksa arep ngepek bojo anake Juragan Harda. Tanggon ing bebrayan nyata dituduhake dening anggota TNI kang mbela bebener tumrap wong wadon kang dadi korban rampok kanthi wani ngadhepi para pelaku rampok kang cacaha luwih saka siji. Nalika Serka Endra Amin nguber pelaku kasebut banjur bisa adhep-adhepan lumawan kaloro pelaku. Dheweke ora nduwe rasa wedi nalika salah sijine pelaku ngetokake glathi. Serka Endra uga malah ngetokake gegamane kang awujud doble stik kanggo ngadhepi para perampok. Wusanane kaloro pelaku rampok kasebut kasil diringkus dening Serka Endra Amin. Jiwa kasatriyan kang awujud tanggon iki perlu dilestarekake marang kawula mudha supaya tansah mbela bebener tanpa ana rasa wedi. Tumindak utawa wateke kasatriyan kang ana sajrone crita rakyat PAT iki pranyata uga ana ing bebrayan nyata.

Wujud tanggon ing jaman biyen dituduhake dening sawijine satriya kang pilih tandhing, kuwat, lan wasis babagan olah kanuragan kanggo ngadhepi sapa bae kang tumindak ora adil lan nindhes wong liya. Jaman saiki tanggon uga bisa katuduhake lumantar sikap kang wani ngadhepi sapa bae awit dheweke bener. Ora mung ing prang tandhing nglawan mungsuh bae, nanging nglawan tumindak lan sikap kang luput ing ngendi bae. Satriya iku kendel utawa wani nglawan sawijine wong kang tumindak ala utawa degsiya kanthi tujuwan nglindhungi wong liya kang *lemah*. Bisa diarani yen satriya kang tanggon iku mbela sawijine wong kang ditindhes dening wong liya.

Gedhe Pangapura

Kasatriyan kang awujud gedhe pangapura sajrone crita rakyat PAT digambarake dening Prabu Lesan Pura lan Sudira. Prabu Lesan Pura kang ngapura kaluputane Komandhan Tyasa Guna kang wus nyingidake nom-noman pinilih kang bakal didadekake manggala yuda ing Praja Tanjung Anom. Banjur Sudira kang ngapura kaluputane Komandhan Tyasa Guna nalika ing pabaratan. Wujud gedhe pangapura ing urip bebrayan kang nyata bisa dibuktekake sajrone kutipan warta ing kaca sabanjure.

“Saya waktu itu sedang ada di pos bagian selatan pintu masuk. Di depan pos itu ada meja kursi. Saat pelaku masuk, kami sedang duduk dan langsung meledak. Kita gak ada yang nyangka,” katanya. Jiwa ksatria Ipda Rahmat pun masih tertanam dalam hatinya.

“Tetap waspada di lingkungan masing-masing biar kejadian itu tidak terjadi lagi. Saya maafkan. Biar yang Maha Kuasa yang mengadili,” kata Ipda Rahmat Nurhadi.

<http://m.tribunnews.com/regional/2019/05/14/pe>

[ringatan-setahun-bom-surabaya-ipda-rahmat-maafkan-pelaku-meski-kini-matanya-tak-bisa-melihat-lagi](#)

“Nalika iku aku ana ing pos sisih kidul. Ing ngarep pos ana meja kursi. Nalika pelaku mlebu, aku sakanca lagi lungguh lan langsung mbledhos. Kabeh ora ana kang ngira,” guneme. Jiwa ksatriya Ipda Rahmat isih tumancep ing atine.

“Tansah waspada ing lingkungan dhewe-dhewe supaya kedadean kasebut ora kedaden maneh. Dakapura. Kareben Kang Maha Kuwasa kang ngadili,” kandhane Ipda Rahmat Nurhadi.

Kutipan warta kasebut nuduhake wujud gedhe pangapura sajrone urip bebrayan saiki utawa kasunyatan. Nggambarake nalika ana prastawa bom ing sawijine Gereja. Nalika jemaat padha ngibadah, ana pihak polisi kang tugas njaga keamanan ing gereja kasebut, yaiku Ipda Rahmat Nurhadi. Piyambake lagi lungguh ing pos sisih kidul banjur pelaku mlebu. Jiwa kasatriyane Ipda Rahmat tansah tumancep ing atine nganti saiki, sawise setaun prastawa kasebut kedaden. Saka prastawa bom bunuh dhiri kasebut, Ipda Rahmat nandhang tatu ing mripate nganti ora bisa ndeleng maneh. Minangka jejering masyarakat pinilih yaiku profesine kang dadi polisi, Ipda Rahmat nduweni jiwa satriya. Piyambake menahi pangapura marang wong kang dadi pelaku bom bunuh dhiri kasebut. Ora gampang menahi pangapura marang wong kang wus tumindak ala marang kita, apa maneh yen tumindake agawe dampak kang ngrugekake tumrap uripe. Sikap kasebut mung bisa ditindakake dening sawijine satriya. Nalika bisa menahi pangapura marang wong kang wus tumindak luput, bakal ora ana rasa dhendham kang tumungkul. Satriya mujudake tumindak kang ngasilake kabecikan antarane kita lan wong liya sarta tansah ngugemi nilai-nilai kamanungsan kayata gedhe pangapura lan ora wales dendham. Kutipan kasebut mbuktekake yen kasatriyan kang awujud gedhe pangapura sajrone crita rakyat PAT uga ana ing bebrayan nyata.

Optimis

Kasatriyan kang wujud optimis sajrone crita rakyat PAT dituduhake dening Bintarti kang yakin yen wadya Kencana Arga bakal bisa ngebut kamardikan. Optimis ing bebrayan nyata dituduhake dening Presidhen Jokowi.

Dibandingkan industri yang lain, sektor kreatif menjadi salah satu industri dengan perkembangan yang cukup pesat. Presiden Joko Widodo pun menyampaikan kalau dirinya sangat optimistis industri kreatif bisa menjadi kekuatan Indonesia bersaing di kancah internasional. <https://money.kompas.com/read/2019/03/21/082000826/tumbuh-pesat-jokowi-optimis-industri->

[kreatif-jadi-kekuatan-indonesia](#)

Dibandhingake industri liyane, sektor kreatif dadi salah siji industri kanthi pangrembakan kang cukup banter. Presidhen Joko Widodo uga ngandharake yen piyambake optimis banget yen industri kreatif bisa dadi kakuwatan Indonesia saingan ing tingkat internasional.

Kutipan warta ing ndhuwur nuduhake Presidhen Jokowi optimis yen sektor kreatif bakal dadi industri kang menehi kakuwatan marang negara Indonesia. Dibandhingake klawan industri liyane, sektor kreatif iki bakal luwih unggul. Bab kasebut kabukten dideleng saka kontribusi industri kreatif tumrap prodhuk *domestik bruto* (PDB) sajrone telung taun kepungkur tansaya mundhak. Adhedhasar kahanan kasebut, mula Presidhen Jokowi optimis yen industri kreatif bisa diandelake dadi kakuwatan tumrap negara Indonesia ing tingkat internasional. Presidhen Jokowi kepengin negara Indonesia dikenal minangka negara kanthi industri kreatif kang kuwat. Jokowi ngandharake industri kreatif pantes dadi lelimbangan tumrap generasi mudha kanggo mbukak usaha utawa milih karir. Tumrap para mudha kang wus utawa nduwe niat usaha ing bidhang industri kreatif, Jokowi uga menehi saran.

Wicaksana

Minangka sawijine satriya uga kudu tansah nduweni watek wicaksana nalika ngadhepi maneka kahanan utawa masalah. Wicaksana sajrone crita rakyat PAT iki dituduhake dening sawijine ratu lan guru olah bela dhiri kang sekti mandraguna. Jaman saiki minangka pandhega negara dudu ratu kaya ing jaman biyen, nanging presidhen. Presidhen uga bisa diarani sawijine satriya, tansah nuduhake kawicaksanan mutusi maneka warna masalah tumrap masyarakat lan negara. Tansah ngati-ati nalika ngadhepi masalah negara, netepake kaputusan uga ora grusa-grusu supaya ora ngrugekake masyarakat lan negara. Wicaksana kang ana ing urip bebrayan kang nyata bisa dibuktekake sajrone kutipan warta ing ngisor iki.

Calon presiden Joko Widodo mengaku sedih dengan kondisi saat ini dimana perbedaan pandangan politik justru menjadi pemicu untuk tidak tegur yang seharusnya perbedaan itu disikapi dengan bijaksana.

“Tiap lima tahun kita ada pemilu baik bupati, gubernur maupun presiden. Jangan karena itu kita menjadi terpecah, ayo mari tetap bersatu. Perbedaan itu harusnya membuat kita semakin bersatu. Jangan lupakan itu, kita adalah saudara sebangsa dan setanah air,” katanya.

<https://pemilu.antaranews.com/berita/810671/jokowi-beda-politik-jangan-picu-perpecahan-tapi-makin-bersikap-bijaksana>

Calon presidhen Joko Widodo ngaku sedhik marang kahanan saiki, beda pandhangan politik malah ndadekake sebab padha ora aruh-aruh, kudune beda pandhangan kasebut disikapi kanthi wicaksana.

“Sabene limang taun ana pemilu bupati, gubernur, uga presidhen. Aja mung gegara bab kasebut masyarakat dadi pecah, ayo padha tansah nyawiji. Pambada kuwi kudune agawe masyarakat tambah raket. Aja dilalekake, kita sedulur sabangsa lan satanah wutah getih,” ngendikane.

Kutipan warta kasebut nuduhake wujud wicaksana ing bebrayan nyata. Nggambarake Capres Jokowi menehi piweling marang kabeh masyarakat supaya tansah nyawiji ngadhepi saweneh pambada ing maneka bab. Jokowi sedhik nyawang kahanan masyarakat jaman saiki, beda pandhangan politik saben *individu* kudune bisa disikapi kanthi wicaksana. Aja gara-gara beda pandhangan banjur njalari ora gelem aruh-aruh marang liyan. Sabene limang taun mesthi ana pemilu, aja mung gara-gara bab kasebut ndadekake pecahe sawijine bangsa. Kudune masyarakat kudu tansah nyawiji. Pambada kudune bisa agawe masyarakat nyawiji lan tansaya raket, amarga saka pambada kasebut bisa digawe padha menehi panyengkuyung tumrap wong siji lan liyane. Masyarakat kudu nduweni sikap wicaksana kanggo ngadhepi maneka pambada sajrone sawenehing bab. Kanthi mangkono ora bakal dumadi perpecahan senajan nduweni pamikiran lan pandhangan kang beda-beda. Kutipan warta kasebut mbuktekake yen kasatriyan wujud wicaksana sajrone crita rakyat PAT uga ana ing bebrayan saiki utawa kasunyatan.

Welas Asih

Kasatriyan kang awujud welas asih sajrone crita rakyat PAT digambarake dening Anggana lan Juragan Laksana. Anggana lan Juragan Laksana kang ora tega lan mesakne marang kahanane Sudira kang wus ditinggal dening bapa lan biyunge bali menyang ngarsane Gusti. Wujud welas asih ing bebrayan utawa kasunyatan bisa dibuktekake ing kutipan warta iki.

Kapolsek Jebres, Kopol Juliana BR Bangun mengganti uang palsu yang diterima penjual bergerobak di Jalan Ir Juanda, Solo, Suroso (92) dan Parijem (83) dengan yang asli sejumlah Rp 400 ribu.

“Sabar nggih Mbah (sabar ya Mbah), tidak usah bersedih lagi,” tuturnya saat mengecek lokasi di Jalan Ir Juanda, Kelurahan Pucangsawit, Kecamatan Jebres. Namun secara tidak terduga setelah Juliana yang didampingi anggotanya mengecek keaslian uang pecahan Rp 100 ribu sebanyak empat lembar di tangan Suroso, lantas memberikan uang dengan jumlah yang sama.

“Ini Mbah ada rezeki, besok Mbah hati-hati ya, besok kalau ada yang dimencurigai Mbah gak usah banyak ngasih barang,” tuturnya.

(<http://solo.tribunnews.com/kisah-kapolsek-jabres-solo-ganti-uang-palsu-Rp400-ribu-pedagang-lansia-yang-diterima-dari-pembeli>)

Kapolsek Jebres, Kompol Juliana BR Bangun ngijoli dhuwit palsu kang ditampa dening penjual nganggo grobak ing Jalan Ir Juanda, Solo, Suroso (92) lan Parijem (83) kanthi dhuwit asli jumlahe 400 ewu.

“Sabar nggih Mbah, sampun sedhah malih,” kandhane nalika ngecek papan ing Jalan Ir Juanda, Kelurahan Pucangsawit, Kecamatan Jebres. Nanging ora dinyana sawise Juliana kang didampingi dening anggotane ngecek asli apa orane dhuwit 100 ewuan cacahé patang lembar ing tangane Suroso, banjur menahi dhuwit kanthi jumlah kang padha.

“Niki Mbah wonten rejeki, benjing Mbah ngatos-atos nggih, menawi wonten ingkang dicubriyani Mbah sampun ngantos maringi barang kathah-kathah,” kandhane.

Kutipan warta kasebut nuduhake wujud welas asih ing urip bebrayan nyata. Nggambarake Kompol Juliana BR Bangun kang mesakake marang pedagang cilik ing Jalan Ir Juanda. Pasangan pedagang tuwa kasebut nggantugake uripe marang dodolan rokok ing grobak. Nalika Juliana ngecek lokasi ing Jalan Ir Juanda, ora dinyana pranyata dheweke menahi dhuwit asli kanthi jumlah kang padha marang Suroso. Juliana nuduhake sikap welas asih marang wong kang lagi nandhang kasusahan, diapusi dening wong kang ora tanggung jawab. Dheweke ngrasa mesakake marang pedagang kang wus tuwa kuwi amarga diapusi kanthi dibayar nganggo dhuwit palsu. Kamangka uripe wong tuwa sakloron digantugake saka asil dagang kasebut. Minangka wujud kasatriyan, welas asih kudu tansah ditindakake supaya urip bebrayan bisa tentrem lan ayem. Kita kudu tansah mesakake marang sapa bae kang nandhang kasusahan, banjur menahi pitulungan. Kutipan warta kasebut mbuktekake yen kasatriyan wujud welas asih sajrone crita rakyat PAT uga ana ing bebrayan saiki utawa kasunyatan.

Sikap welas asih marang wong liya bisa diwiwiti saka welas asih marang dhiri pribadi. Wong kang welas asih marang dhiri pribadi ora bakal tumindak culika marang liyan. Welas asih mujudake mangerteni kahanane wong liya lan bakal menahi pitulungan kanthi cara kang padha kayadene nulung awake dhewe. Kaya kang wus diandharake wujud welas asih sajrone crita rakyat PAT kang ngrasa mesakake marang liyan banjur kanthi iklas menahi pitulungan marang wong kasebut. Semono uga welas asih kang ana ing bebrayan nyata, uga dituduhake

kanthi mangkono.

Nasionalisme

Kasatriyan kang awujud nasionalisme sajrone crita rakyat PAT digambarake dening Pangeran Lesan Caka kang lila kurban kanggo Praja Tanjung Anom, dene sajrone urip bebrayan nyata, nasionalisme dituduhake dening para anggota TNI. Bab kasebut bisa dibuktekake saka kutipan ing ngisor iki.

Tidak ada batas waktu pengejaran, batas waktunya adalah tertangkap hidup atau mati. Atau dia dengan sukarela menyerahkan diri, menyatakan setia kepada NKRI, kita ampuni. Kalau melakukan perlawanan, risiko tentunya kita hadapi sama-sama. Target kita mereka tertangkap hidup atau mati,” kata Kepala Penerangan Kodam XVII/Cendrawasih, Kolonel Inf M. Aidi. (<https://m.dw.com/id/3-prajurit-gugur-di-Papua-TNI-nyatakan-tak-gentar-kejar-kelompok-separatis/a-47822114>)

Ora ana wates wektu pengejaran, wates wektune yaiku ketangkep urip utawa mati. Utawa dheweke kanthi lila legawa pasrah bongkokan, nuduhake setya marang NKRI, kita ampuni. Yen nglawan, resikone kita adhepi bebarengan. Targete, kabeh ketangkep urip utawa mati,” kandhane Kepala Penerangan Kodam XVII/Cendrawasih, Kolonel Inf M. Aidi.

Kutipan warta kasebut nuduhake rasa nasionalisme para anggota TNI marang negarane. Anggota TNI nindakake pengejaran marang klompok *separatis* ing Papua. Bab kasebut dilakoni kanthi tujuan supaya kahanan NKRI tentrem lan ora ana tumindak permusuhan. Klompok *separatis* kasebut bakal terus diuber nganti oara watese nganti kapan, nanging nganti ketangkep ing kahanan urip utawa mati. Wong-wong anggota klompok kasebut bakal diampuni yen kanthi lila legawa pasrah bongkokan lan mbuktekake setya marang negara. Yen padha nglawan ya mesthi bae bakal diadhepi dening para anggota TNI, sing wigati kabeh anggota klompok kasebut ketangkep senajan urip utawa mati. Tumindak kasebut nuduhake yen para anggota TNI tansah setya lan tresna marang negarane kanthi lila kurban tumrap katentreman negara. Kahanan kasebut padha karo kahanan kang ana sajrone crita rakyat PAT. Wujud nasionalisme kuwi ana lan dadi sawijine objek kangge analisis ngenani perangan wujud kasatriyan sajrone crita rakyat kasebut. Pranyata tumindak kasebut uga ana sajrone urip bebrayan kang nyata. Nasionalisme kudu tansah tumancep ing ati lan jiwane sapa bae, mligine kawula mudha.

Minangka anggota masyarakat sawijine negara, kita kudu tresna lan setya marang negarane. Tansah nglakoni tumindak kang nuduhake nasionalisme tumrap

tanah wutah getihe. Tansah merangi tumindak korupsi lan narkoba. Ing jaman biyen, wujud nasionalisme bisa kawawas saka lelabuhan perang nglawan penjajah, ora tumindak kiyanat kanthi laku kraman. Jaman *modern* kaya saiki, tumrape masyarakat awam bisa nuduhake tumindak nasionalisme kanthi tansah migunakake produk-produke negarane dhewe, ngarumake bangsa kanthi aweh prestasi-prestasi kang unggul ing tataran nasional lan internasional, merangi tumindak korupsi, sarta ngadohi lan ninggalake narkoba.

Amanah

Wujud amanah sajrone crita rakyat PAT dituduhake dening Manggala Yudha Sudira tansah nindakake jejibahan kang wus ditampa tanpa nglirwakake. Amanah ing urip bebrayan saiki dituduhake dening para petugas *penanganan prasarana lan sarana umum (PPSU)*. Kutipane bisa dideleng ing ngisor iki.

Namun karena sudah panggilan tugas, bersama 62 petugas lain, dia turun membersihkan jalan. Walaupun kedua mata harus menahan perih dan sedikit sesak karena aroma gas air mata yang masih kental terasa.

“Saat kerusuhan, kami sedikit menghindari, tapi tetap monitoring. Setelah kondusif, baru lakukan pembersihan dengan dikawal aparat keamanan,” katanya.

[\(https://www.jawapos.com/features/lewat-beragam-peran-mereka-turut-menjaga-jakarta/\)](https://www.jawapos.com/features/lewat-beragam-peran-mereka-turut-menjaga-jakarta/)

Nanging amarga wus dadi tugas, bebarengan karo 62 petugas liyane, dheweke ngesiki dalan. Senajan mripat kudu ngempet perih lan rada seseg amarga ambune *gas air mata* kang isih dirasa.

“Nalika karusuhan, para petugas rada ngadoh, nanging tetep ngawasi. Sawise kahanan kondusif, banjur diresiki kanthi dikawal dening aparat keamanan,” kandhane.

Kutipan warta kasebut nuduhake watek amanah para petugas PPSU nalika ana aksi karusuhan ing Jakarta. Senajan kanthi kahanan kang mbebayani, nanging para petugas kasebut tetep netepi apa kang diamanatake marang dheweke. Bab kasebut wus dadi tugas lan kuwajibane kanggo ngesiki dalan sawise aksi karusuhan ing ngarepe kantor Bawaslu. Nalika kedadean karusuhan, para petugas PPSU rada ngadoh saka papan kedadean. Banjur sawise aksi karusuhan wus rampung, lagi ngesiki papan kono kanthi dikawal dening aparat keamanan supaya ora ana kedadean karusuhan maneh. Bab kasebut wus dadi tugas lan kuwajibane anjaga karesikan saben papan ing Jakarta. Kuajiban lan jejibahan kang wus didhawuhake marang para petugas PPSU tansah dilaksanake ing kahanan kepriya bae. Bab kasebut nuduhake yen para petugas kasebut nduweni watek

amanah. Amanah uga nuduhake tanggung jawab sajrone nglaksanakake tugas lan kuajiban kang wus diwenehake. Watek amanah kudu diduweni lan dilatih supaya tumancep ing jero pribadine saben wong. Wong kang amanah kuwi wong kang nalika diwenehi jejibahan lan tanggung jawab, wong kasebut bisa nglaksanakake lan ngrampungake kanthi becik.

Pedhuli marang liyan

Kasatriyan kang awujud pedhuli marang liyan sajrone crita rakyat PAT digambarake dening Sudira kang tansah tetulung marang sapa bae kang mbutuhake. Pedhuli marang liyan kang ana ing bebrayan nyata bisa dibuktekake ing kutipan warta iki.

Dalam kondisi panik, Nadirin melihat tembok bangunan yang ambruk menimpa sejumlah warung semi permanen dan tempat tambal ban yang sedang dipenuhi oleh warga yang berteduh. Dia pun langsung berupaya menolong sejumlah orang yang tertimbun reruntuhan tembok dengan kondisi mnegenaskan.
[\(<https://radartegal.com/berita-lokal/begini-crita-warga-saat-menolong-korban-yang.19175.html>\)](https://radartegal.com/berita-lokal/begini-crita-warga-saat-menolong-korban-yang.19175.html)

Ing kahanan bingung, Nadirin weruh tembok bangunan ambruk ngrubuhi saweneh warung lan papan tembel ban kang dikebaki dening warga kang lagi ngiyup. Dheweke langsung ngupaya nulung wong kang karubuhan tembok kanthi kahanan ngenes.

Kutipan warta kasebut nuduhake yen sawijine wong kang pedhuli marang liyan. Nalika kedadean bangunan ambruk kasebut, Nadirin lagi ngiyup ing miniarket kang ana sebrang dalan saka papan kedadean. Ing tengahe udan keprungu swara samubarang ambruk, banjur dheweke langsung nyebrang lan meruhi temboke wus rata kabeh. Meruhi kahanan kaya kuwi dheweke bingung lan langsung ngupaya nulungi wong kang dadi kurban. Kahanan kasebut bisa agawe kita nglenggana yen urip ing masyarakat kuwi kudu tansah tulung tinulung marang liyan. Kita ora bakal ngerti musibah apa kang bakal teka lan kapan tekane. Mula yen kita weruh wong kang nandhang musibah, becike kita menahi pambiyantu. Mengko yen sawijine dina kita kang nandhang masalah, uga bakal ana wong liya kang menahi pitulungan. Minangka padha-padha masyarakat Jawa mligine lan masyarakat Indonesia umume, kabeh masyarakat kuwi seduluran. Mula marang sedulur iku kudu tansah menahi pambiyantu utawa pitulungan yen dulure lagi nandhang kasusahan utawa sungkawa. Pedhuli marang liyan kudu tansah dirembakake sajrone urip bebrayan. Anane masyarakat kang isih pedhuli marang liyan bisa ditegesi mujudake sawijining masyarakat kang guyub rukun lan tentrem.

PANUTUP

Dudutan kang dimaksud ing kene yaiku gegayutan karo underan panliten kang wus diandharake ing bab papat. Kang kapisan yaiku andharan ngenani struktur crita rakyat PAT anggitane Ki Sudadi. Tema kang ana sajrone crita kasebut yaiku ngenani kasatriyan. Crita kasebut nyritakake kasatriyan sawijine pendhekar pilih tandhing kang tansah njejegake bebener lan numpes tumindak-tumindak ala. Paraga lan pamaragan sajrone crita rakyat kasebut bisa nuduhake lan nuwuhake pesen moral tumrap pamaca. Alur lan latar dadi panyengkuyung kedadean-kedadean kang ana sajrone crita. Paraga utama sajrone crita kasebut yaiku Sudira minangka sawijine pendhekar pilih tandhing tansah tumindak becik kanthi kendel mbrastha para durjana kang tumindak degsiya marang wong liya. Supaya kedadean-kedadean sajrone crita lumaku lan bisa mujudake sawijine crita kang wutuh, mesthi bae ana paraga-paraga tambahan kang nyengkuyung mlakune crita. Paraga tambahan iki uga ana kang nuduhake tumindak lan sikap kasatriyan kaya dene Sudira. Prabu Lesan Pura minangka ratu ing Praja Tanjung Anom kang nuduhake kawicaksanaan lan amanah marang Sudira. Anggana kang tansah pedhuli marang kulawargane Sudira. Ki Wuragil minangka guru padhepokan olah kanuragan kang menahi ilmu lan wejangan kanthi wicaksana. Ana uga paraga kang tansah nentang kabecikan-kabecikan sajrone crita yaiku Komandhan Tyasa Guna.

Kaping pindho yaiku andharan ngenani wujud kasatriyan kang ana sajrone crita rakyat PAT. Kasatriyan sajrone crita kasebut dituduhake dening para paraga kanthi maneka wujud. Wujud kasatriyan kang kinandhut sajrone crita bisa dadi tuntunan utawa patuladhan tumrap masyarakat kanggo nuwuhake watek-watek satriya sajrone urip ing bebrayan. Saka asil analisis bisa diweruhi kang kalebu kasatriyan sajrone crita rakyat PAT yaiku tanggon, tangguh, gedhe pangapura, *optimis*, wicaksana, welas asih, iklas, nasionalisme, amanah, lan pedhuli marang liyan.

Kaping telu yaiku andharan ngenani gayutane kasatriyan sajrone crita rakyat PAT ing kasunyatan. Kasatriyan kang ana sajrone crita rakyat PAT pranyata uga isih ana ing kasunyatan. Umume wujud kasatriyan kang ana iku padha, mung pamedane yaiku ing jaman saiki kurang ditrapake.

Adhedhasar saka analisis kang wus diandharake, panliten iki diajab bisa menahi kawruh ngenani pangrembakan lan panliten sastra mligine kasusastran Jawa. Uga diajab supaya bisa menahi wawasan kang luwih jembar tumrap pamaca ngenani karya sastra tradhisional mligine ngenani crita rakyat. Kanggo donyane pendhidhikan formal, panliten iki diajab bisa menahi piguna tumrap pamulangan sastra ngenani ajaran moral mligine kasatriyan.

KAPUSTAKAN

- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Dharmojo, dkk. 1998. *Sastra Lisan Ekagi*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Endraswara, Suwardi. 2006. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.
- Moleong, Lexy J. 2008. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- _____. 2005. *Sastra Anak Pengantar Pemahaman Dunia Anak*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2004. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra dari Strukturalisme hingga Hoststrukturalisme Perspektif Wacana Naratif*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- _____. 2013. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Saputra, Lukman Surya. 2009. *Pendidikan Kewarganegaraan: Menumbuhkan Patriotisme dan Nasionalisme*. Jakarta: Pusat Perbukuan Departemen Pendidikan Nasional.
- Siswantoro. 2010. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Penerbit Pustaka Pelajar.
- Sudaryanto, dkk. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Jawa.
- Wellek, Rene lan Austin Warren. 1990. *Teori Kasusastraan (dijarwakake Melani Budianta)*. Jakarta: PT Gramedia.